

PANGANGGENING DEIKSIS PERSONA WONTEN ING NOVEL TRETES TINTRIM ANGGITANIPUN SUARTO BRATA

THE USE OF PERSON'S DEIXIS IN NOVEL TRETES TINTRIM BY SUPARTO BRATA

Dening: Lindawati, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta lindawatti.96@gmail.com

Sarining Panalitèn

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken deiksis persona wonten ing novel tretes tintrim anggitanipun Suparto Brata. Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken jinising deiksis persona, ngandharaken wujuding deiksis persona, saha ngandharaken arah pengacuan deiksis persona ingkang kapanggihaken wonten ing novel tretes tintrim. Panaliten menika ngginakaken metode panaliten deskriptif. Data ing panaliten menika awujud tembung-tembung utawi frasa ingkang dipunginakaken kangge nyulihi tiyang. Sumber data panaliten menika, inggih novel tretes tintrim. Cara ngempalaken data ing panaliten menika kanthi cara maos saha nyathet. *Data* ingkang sampun kapanggihaken dipunanalisis lajeng dipunandharaken kanthi *teknik deskriptif*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *triangulasi teori*. *Reliabilitas* ingkang dipunginaaken inggih menika *reliabilitas stabilitas*. Asiling Panaliten menika ngandharaken tigang bab inggih menika, jinising, wujud, saha arah pengacuan *deiksis persona*. Jinising *deiksis persona* ingkang kapanggihaken ing *novel* inggih menika utama purusa, madyama purusa saha pratama purusa. Wondene, wujuding *deiksis persona* ing *novel* ingkang kapanggihaken inggih menika tunggal saha *jamak*. *Deiksis persona* ingkang kapanggihaken kalawau manawi dipuntingali saking *arah pengacuan* wonten kalih inggih menika *eksofora* saha *endofora*.

Pamijining tembung : jinis, wujud, dan *arah pengacuan deiksis persona*.

Abstract

The study aims to examine the use of person deixis in novel tretes tintrim by suparto brata. The goal is to explain the type of personality deixis, explain the dexterity of persona, and explain the direction of reference from the deixis persona. The method used is a descriptive method. The research data is tangible word or phrase to replace characterization in the novel. Sources of research data are novel tretes tintrim by suparto brata. How to collect data that is reading and writing techniques. The data were then analyzed using a descriptive technique. Validity used in the research is the triangulation theory, while reliability used is reliability stability. The results of these studies include three things, namely type, form, and direction of person deixis attribution. The types of person deixis found in the novel are first person deixis, second person deixis, and third person deixis. While the form of person deixis found in the novel there is two, single and plural. Each form of the word or phrase deixis persona that is found has a different direction of reference, namely eksofora and endofora.

PURWAKA

Salah satunggaling unsur karya sastra ingkang misuwur inggih menika *Novel*. *Novel* inggih menika gambaran padintenan saking pagesangging manungsa (Endraswara, 2012: 1). Novel ngewrat kalih unsur, inggih menika unsur *intrinsik* saha *ekstrinsik*. *Unsur intrinsik* inggih menika unsur-unsur ingkang wonten ing salebetung karya sastra. Sadaya *unsur intrinsik* kedah wonten nalika nyerat karya sastra, mliginipun *unsur* paraga. Paraga wonten ing karya sastra kaperang dados paraga utama saha paraga panyengkuyung. Paraga-paraganipun ugi gadhah latar belakang ingkang beda-beda, bab menika nuwuhan *variasi* tembung sesulih ingkang dipunginakaken kangge nyulihi paraga dipunjumbuhaken kalihan kawontenan saking saben paraga. Cara kangge manggihaken tembung sesulih purusa wonten ing wacana inggih menika kanthi nganalisis *deiksis persona* ingkang kalebet salah satunggaling perangan *pragmatic*. *pragmatik* inggih menika ngelmu basa ingkang kaiket kalihan *konteks* (Wijana, 1996:9). *Konteks* awujud panggenan, wekdal, saha kawontenan dumadosipun satunggaling pirembagan (Mulyana, 2005 :21).

Salah satunggaling *kajian pragmatik* inggih menika *deiksis*. *Deiksis* miturut Kridalaksana (2001:39) inggih menika bab-bab ingkang nedahaken satunggaling perangan ingkang boten kalebet bab basa, kadosta tembung-tebung sesulih. Saking kalih pamanggih menika saged

dipunmangretosi bilih *deiksis* inggih menika tetembungan kangge nedahaken satunggaling perangan, ingkang *acuan-ipun* saged pindah-pindah. Miturut Nababan (1987: 40) *deiksis* kaperang wonten gangsal, inggih menika *deiksis sosial*, *deiksis tempat*, *deiksis waktu*, *deiksis wacana*, saha *deiksis persona*. *Deiksis persona* inggih menika *deiksis* ingkang saged dipuntetepaken priyantun-priyantunipun adhedhasar kalenggahan nalika wicantenan. Pamanggih sanesipun ngengingi *deiksis persona* ugi dipunandharaken dening Sasangka (2001:108) bilih tembung-tebung sesulih purusa kangge nyebut nama tiyang, umpaminipun *aku* ‘saya’, *kita*, *kowe* ‘*kamu*’, *dheweke* ‘*dia*’, *awake* ‘*kamu*’, *sira* ‘*kamu*’, piyambakipun ‘*dia*’, *panjenengan* *sadaya* ‘*kamu semua*’. Jinising sesulih purusa dipunperang dados tiga, inggih menika utama purusa ‘*kata ganti orang pertama*’, madyama purusa ‘*kata ganti orang kedua*’, saha pratama purusa ‘*kata ganti orang ketiga*’

Deiksis persona kaperang wonten tiga jinis inggih menika *deiksis persona* utama purusa, *deiksis persona* madyama purusa, saha *deiksis persona* pratama purusa. Wujuding *deiksis persona* kaperang wonten kalih, inggih menika *tunggal* saha jamak. Wondene *arah pengacuan-ipun* kaperang wonten kalih inggih menika *eksofora* saha *endofora*. *Deiksis persona* ingkang arah acuanipun *endofora* wonten kalih inggih menika *anafora* saha *katafora*.

Jinis, wujud, saha *arah pengacuan deiksis persona* saged kapanggihaken wonten

ing tuturan ingkang awujud seratan saha lisan. Salah satunggaling karya sastra ingkang ngewrat *deiksis persona* inggih menika *novel*. Pamilihing *novel* minangka objek panaliten ugi saged dipuntingali saking wujud tuturanipun ingkang katindakaken wonten ing jaman samenika. *Novel* ingkang ngginakaken mapinten-pinten wujud *deiksis persona* inggih menika *novel Tretes Tintrim* anggitanipun Suparto Brata.

Panaliten ngengingi *deiksis persona* basa Jawi perlu katindakaken amargi dereng kathah panaliten ingkang ngrembag prakawis bab *deiksis persona* wonten ing basa Jawi. Panaliti ngginakaken novel *Tretes Tintrim* amargi salebetung novel menika kathah kekhasan, mliginipun sesebutan paraga saha panganggeling pronomina persona. Tembung sesulih wonten ing cariyos *novel Tretes Tintrim* awis-awis dipunginakaken wonten ing wacana sanesipun. Bab menika saged dipunmangretosi saking panganggeling tembung sesulih wonten ing cariyos. Wonten ing *novel Tretes Tintrim deiksis persona* ingkang dipunginakaken langkung *variatif*, kathah sesebutan- sesebutan ingkang dipunginakaken boten awujud tembung sesulih nanging ugi awujud *dialek*. Bab menika dipunjumbuhaken kalihan *latar belakang-ipun* paraga, amargi wonten ing *novel* menika wonten tiyang pendatang saha tiyang asli dhaerah menika, tuladhanipun kapanggihaken tembung dialek *kon* minangka sesebutan tiyang asli dhaerah menika. Sesebutan-sesebutan ingkang langkung

variatif menika wau ingkang nuwuhaken kekhasan ing *novel*, satemah panaliten ngginakaken novel *Tretes Tintrim* minangka *objek* panaliten. Panaliten menika dipuntindakaken supados manggihaken menapa kemanawon jinising *deiksis persona*, wujuding *deiksis persona*, saha *arah pengacuan deiksis persona*.

Adhedhasar andharan dhasaring panaliten ing nginggil, ingkang dados wosing panaliten menika kaserataken ing ngandhap menika.

1. Kadospundi jinising *deiksis persona* wonten ing *novel Tretes Tintrim*?
2. Kadospundi wujuding *deiksis persona* wonten ing *novel Tretes Tintrim*?
3. Kadospundi *arah acuan deiksis persona* wonten ing *novel Tretes Tintrim*?

CARA PANALITEN

Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet jinising panaliten *deskriptif*. Panaliten *deskriptif* inggih menika satunggaling *metode* ingkang dipunginakaken kangge naliti *objek* utawi *sumber data* panaliten kanthi ancas kangge ndamel *deskripsi*, gambaran kanthi *objektif*, ingkang gayut kaliyan *fakta*, saha gayuting antawisipun *unsur-unsur-ipun* (Kaelen, 2005: 58). Panaliten menika ancasipun kangge ngandharaken kanthi rinci ngengingi bab panganggeling *deiksis persona* wonten ing *novel Tretes Tintrim* anggitanipun Suparto Brata. Wonten ing panaliten menika panaliti minangka *human instrumen* kedah mangertos saha mlebet wonten ing salebetung subjek

panaliten dipunsarengi nyathet kanthi premati sedaya kadadosan ingkang trep kaliyan prekawis ingkang dados punjering panaliten. Salajengipun, *data* ingkang sampun dipunkempalaken, panaliti nglampahaken reduksi *data* kange nemtokaken *data-data* ingkang dados wakilipun. Panaliten *deskriptif* ugi langkung nggatosaken proses saking asiling *data*, amargi sesambutan antawisipun perangan-perangan ingkang dipuntaliti saged langkung premati tegesipun bilih dipunpersani saking proses-ipun.

Sumber *Data* Panaliten

Data panaliten menika awujud tembung saha frasa wonten ing *novel* Tretes anggitanipun Suparto Brata ingkang kalebet jinis *deiksis persona*, wujud *deiksis persona*, saha acuan *deiksis persona*. Sumber *data* panaliten menika awujud *novel* kanthi irah-irahan Tretes Tintrim seri Detektip Handoko anggitanipun Suparto Brata. Sadayanipun wonten 148 kaca saha kacethak wonten ing Narasi ingkang mapan ing Yogyakarta.

Teknik Ngempalaken *Data*

Cara ngempalaken *data* ing panaliten menika, inggih menika kanthi cara maos, suka tandha saha nyathet kanthi permati. Panaliti maos *novel* Tritis Tentrem kanthi permati saha dipunambali, supados ngasilaken *data* ingkang leres. Rikala maos panaliti kalihan suka tandha tembung-tembung utawi *frasa* ingkang ngandharaken *deiksis persona* adhedhasar *kriteria-kriteria* saking teori.

Data ingkang dipunkajengaken inggih menika jinising *deiksis persona*, wujud *deiksis persona*, saha acuan *deiksis persona* miturut nama paraga utawi rujukanipun saha sesulih purusa ingkang dipunpanggihaken. Nalika maos, panaliti ugi sampun nglampahi teknik *analisis data* tumrap jinising *deiksis persona*, wujud *deiksis persona*, saha acuan *deiksis persona*, inggih menika *data* ingkang dipunpanggihaken dipuntitiki mawi warna ingkang beda miturut jinis *deiksis persona*. Salajengipun *data* ingkang sampun dipunkempalaken dipunserat wonten ing kertu *data*.

Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten utawi *Instrumen* panaliten inggih menika sadaya piranti panaliten ingkang dipunginakaken kange sarana manggihaken *data* saha ngempalaken *data*. *Data* ingkang dipunpanggihaken menika ingkang dados *objek analisis*. Wonten panaliten menika ingkang dados pirantining panaliten inggih menika kanthi cara *human instrumen*. Panaliti minangka *human instrumen* ateges panaliti kedah dados *subjek* wonten ing panaliten menika saha panaliti kedah nyathet kanthi permati menapa kemawon prekawis-prekawis ingkang saged dipunpanggihaken wonten ing *novel* menika jumbuh kalihan *deiksis persona*. Piranti panaliten awujud *human instrumen* amargi panaliti piyambak ingkang mangertos persisipun perkawis ingkang badhe dipuntaliti saha kadospundi *data* ingkang kedah dipunkempalaken trep kalihan *kriteria*-

kriteria ingkang sampun dipunjumbuhaken kalihan dhasaring kawruh saha seserapan ngengingi bab *deiksis persona*.

Teknik Analisis Data

Cara analisis data ingkang katindakaken dening panaliten inggih menika rikala maos kalihan manggihaken *data* lajeng netepaken jinis *deiksis persona*, bentuk *deiksis persona* saha acuan *deiksis prsona* adhedhasar *kriteria-kriteria* saking teori. Salajengipun *data* ingkang kapanggihaken dipunserat wonten kertu *data*.

Salajengipun saking kertu *data* lajeng *data* dipunpantha-pantha dipunlebetaken tabel supados langkung gampil dipun-analisis. *Data* menika dipunpantha-pantha miturut; (a) jinis sesulih purusa inggih menika, utama purusa, madyama purusa saha pratama purusa, (b) saking jinisipun dipunpantha-pantha malih miturut wujud sesulih purusa, inggih menika *jamak* saha *tunggal*, (c) saha saking wujud sesulih purusa dipunpantha-pantha malih dados *acuan-ipun*, inggih menika kalebet *eksofora* utawi *endofora* (*anafora* utawi *katafora*).

Cara Ngesahaken Data

Cara ngesahaken *data* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika, inggih menika kanthi *uji validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* *data* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih *triangulasi teori*, amargi kangge mangretosi manawi tembung ingkang kapanggihaken kalebet *data* prelu adhedhasar

teori-teori. Caranipun ngukur *data* kanthi ngginakaken *triangulasi teori* inggih menika kanthi nandhingaken *adata* ingkang kapanggihaken kalihan *teori-teori* ingkang jumbuh, satemah saged manggihaken *data* ingkang *valid*.

Uji reliabilitas ingkang kaginakaken wonten ing panaliten menika inggih *reliabilitas stabilitas*. *Uji reliabilitas stabilitas* ingkang kaginakaken inggih menika kanthi cara maos *data* makaping-kaping ananging saged ngasilaken *data* ingkang sami sinaosa wekdal saha kawontenanipun sampun beda. Ateges, *data* ingkang dipunasilaken menika saged *akurat*.

ASILING PANALITEN SAHA PANGREMBAGIPUN

1. Deiksis persona Utama Purusa

a. Deiksis persona utama purusa tunggal

Deiksis persona utama purusa *tunggal* inggih menika tembung sesulih purusa ingkang gadhah *rujukan* cacahipun satunggal. Tembung sesulih wonten ing utama purusa *tunggal* ingkang dipunpanggihaken, awujud tembung lingga saha *proklitik*.

1) Deiksis persona Utama Purusa Tunggal

Wujud Tembung Acuan-ipun Eksofora

(1) “*Aku diundang. Iki telegrame!*”

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *aku*. Tembung *aku* kalebet *deiksis persona*. Tembung *aku* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* utama purusa. Tembung sesulih *aku* ingkang dipunginakaken kangge nyulihi pamicara kalebet wujud utama purusa *tunggal*.

Tembung *aku* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud tembung lingga. Tembung *aku* ingkang gandhah *acuan eksofora*, saged dipunmangretosi saking konteks tuturan-ipun.

2) Deiksis persona utama purusa tunggal wujud tembung acuan-ipun endofora

- (2) “*Mangertia, aku iki polisi. aku mrene perlu weruh surasane layange priyayi putri numpak sekuter iki mau.*

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *aku*. Tembung *aku* kalebet *deiksis persona*. Tembung *aku* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* utama purusa. Tembung sesulih *aku* ingkang dipunginakaken kange nyulihi pamicara kalebet wujud utama purusa *tunggal*. Tembung *aku* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud tembung lingga. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih tembung *aku* ingkang kalebet *deiksis persona* utama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *endofora (anafora)*.

3) Deiksis persona Utama Purusa Tunggal Wujud Proklitik Acuan-ipun Eksofora

- (3) “*Aja bangga! Aja mbengok! Yen ora nurut, klakon dakbedhil polomu!*”

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken *klitika dak-*. *Klitika dak-* kalebet *deiksis persona*. *Klitika dak-* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* utama purusa. *Klitika dak-* ingkang dipunginakaken kange nyulihi pamicara kalebet wujud utama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *endofora (anafora)*.

purusa *tunggal*. *Klitika dak-* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud *klitika proklitik*. *Klitika dak-* ingkang kapanggihaken wonten ing data kalebet *deiksis persona* utama purusa *tunggal* wujud *proklitik acuan-ipun* inggih menika *eksofora*.

4) Deiksis persona Utama Purusa Tunggal Wujud Proklitik Acuan-ipun Endofora (Anafora)

- (4) “*Hello, Mas. Aku Waratinah. Iya. Ing Hotel Larasing Pareden. Iya, terna mrana. Ora bisa? Ya dakaturi ngirimake wae ta, ora penak neng kene tanpa kendharaan!*

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken *klitika dak-*. *Klitika dak-* kalebet *deiksis persona*. *Klitika dak-* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* utama purusa. *Klitika dak-* ingkang dipunginakaken kange nyulihi pamicara kalebet wujud utama purusa *tunggal*. *Klitika dak-* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud *klitika proklitik*. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih *klitika dak-* ingkang kalebet *deiksis persona* utama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *endofora (anafora)*.

b. Deiksis persona utama purusa jamak

Deiksis persona utama purusa *jamak* inggih menika tembung sesulih purusa ingkang gadhah *rujukan* cacahipun langkung satunggal. Tembung sesulih wonten ing utama purusa *tunggal* ingkang

dipunpanggihaken, awujud tembung lingga saha *frasa* sesulih.

1) Deiksis persona Utama Purusa Jamak Wujud Tembung Acuan-ipun Eksofora

"Oh, mboten menapa-menapa. Namung menawi sanjawine rangkah Tretes, nami interlakol, kita mboten saged ngladosi."

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *kita*. Tembung *kita* kalebet *deiksis persona*. Tembung *kita* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* utama purusa. Tembung sesulih *kita* ingkang dipunginakaken kange nyulihi pamicara kalebet wujud utama purusa *jamak*. Tembung *kita* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud tembung lingga. Tembung *kita* saking pethikan ing nginggil kalebet *deiksis persona* utama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *eksofora*.

2) Deiksis persona Utama Purusa Jamak Wujud Frasa Acuan-ipun Eksofora

"Sajake nginthil awakedhewe!"

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *awake dhewe*. Tembung *awake dhewe* kalebet *deiksis persona*. Tembung *awake dhewe* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* utama purusa. Tembung sesulih *awake dhewe* ingkang dipunginakaken kange nyulihi pamicara kalebet wujud utama purusa *jamak*. Tembung *awake dhewe* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud *frasa* inggih menika kalebet jinising

frasa sesulih. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih tembung *awake dhewe* ingkang kalebet *deiksis persona* utama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *eksofora*.

3) Deiksis persona Utama Purusa Jamak

Wujud Frasa Acuan-ipun Endofora

"La, priye ngertine Waratinah yen aku kabeh iki polisi saka Semarang, yen ora saka kowe, wong sing dak balani yen aku polisi ya mung kowe?"

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *aku kabeh*. Tembung *aku kabeh* kalebet *deiksis persona*. Tembung *aku kabeh* miturut jinisipun *deiksis persona*, kalebet *deiksis persona* utama purusa. Tembung sesulih *aku kabeh* ingkang dipunginakaken kange nyulihi pamicara kalebet wujud utama purusa *jamak*. Tembung sesulih *aku kabeh* wujud *frasa* sesulih. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih tembung *aku kabeh* ingkang kalebet *deiksis persona* utama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *katafora (endofora)*.

2. Deiksis persona Madyama Purusa

b. Deiksis persona madyama purusa tunggal

Deiksis persona utama purusa *tunggal* inggih menika tembung sesulih purusa

ingkang gadhah *rujukan* cacahipun satunggal. Tembung sesulih wonten ing utama purusa *tunggal* ingkang dipunpanggihaken, awujud tembung lingga, *proklitik*, saha dialek.

1) Deiksis persona Madyama Purusa Tunggal Wujud Tembung Acuan-ipun Eksofora

"Heh, waspadaa, kowe. Sapa dhayoh wadon kuwi? Eh, kosik Muchtarum mau ing kamar pira?"

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *kowe*. Tembung *kowe* kalebet *deiksis persona*. Tembung *kowe* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* madyama purusa. Tembung sesulih *kowe* ingkang dipunginakaken kangge nyulihi pamireng kalebet wujud madyama purusa *tunggal*. Tembung *kowe* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud tembung lingga. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih tembung *panjenengan* ingkang kalebet *deiksis persona* madyama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *anafora (endofora)*.

2) Deiksis persona Madyama Purusa Tunggal Wujud Tembung Acuan-ipun Endofora

"Detektif Handaka? Panjenengan detektif Handaka?"

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *panjenengan*. Tembung *panjenengan* kalebet *deiksis persona*. Tembung *panjenengan* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* madyama purusa. Tembung sesulih

panjenengan ingkang dipunginakaken kangge nyulihi pamireng kalebet wujud madyama purusa *tunggal*. Tembung *panjenengan* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud tembung lingga. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih tembung *panjenengan* ingkang kalebet *deiksis persona* madyama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *anafora (endofora)*.

3) Deiksis persona Madyama Purusa Tunggal Wujud Dialek Acuan-ipun Eksofora

Sopire ngongkek garan presneling karo ngguyu, "Bir, temu lawak! Aja kon pekir, ngrusakno awak!"

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *kon*. Tembung *kon* kalebet *deiksis persona*. Tembung *kon* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* madyama purusa. Tembung sesulih *kon* ingkang dipunginakaken kangge nyulihi pamireng kalebet wujud madyama purusa *tunggal*. Tembung *kon* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud tembung dialek. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih tembung *kon* ingkang kalebet *deiksis persona* madyama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *katafora (endofora)*.

4) Deiksis persona Madyama Purusa Tunggal Wujud Proklitik Acuan-ipun Eksofora

“Adhuh, adhuh, adhuuuh! Aja koklakoni! Aku dak sambat saiki wae! Kapok!

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken *klitika kok-*. *Klitika kok-* kalebet *deiksis persona*. *Klitika kok-* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* madyama purusa. *Klitika kok-* ingkang dipunginakaken kange nyulihi pamireng kalebet wujud madyama purusa *tunggal*. *Klitika kok-* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud *klitika proklitik*. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih *klitika kok-* ingkang kalebet *deiksis persona* madyama purusa *tunggal* wujud *proklitik acuan-ipun* inggih menika *eksofora*.

5) Deiksis persona Madyama Purusa Tunggal Wujud Proklitik Acuan-ipun Endofora

“Kok, mboten tindak-tindak, Inspektur?”

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken *klitika kok-*. *Klitika kok-* kalebet *deiksis persona*. *Klitika kok-* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* madyama purusa. *Klitika kok-* ingkang dipunginakaken kange nyulihi pamireng kalebet wujud madyama purusa *tunggal*. *Klitika kok-* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud *klitika proklitik*. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing

pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih tembung *kok-* ingkang kalebet *deiksis persona* madyama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *katafora (endofora)*.

6) Deiksis persona Madyama Purusa Jamak Wujud Frasa Acuan-ipun Eksofora

“..... Drawasi sanget, menika. Nanging, sajake Pak Kuswa mboten nggega krenah kula. Nyatane lajeng kintun panjenengan sadaya menika mriki, kintun polisi Semarang!”

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *panjenengan sadaya*. Tembung *panjenengan sadaya* kalebet *deiksis persona*. Tembung *panjenengan sadaya* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* madyama purusa amargi tembung *panjenengan sadaya* dipunginakaken kange nyulihi pamireng. Tembung sesulih *panjenengan sadaya* ingkang dipunginakaken kange nyulihi pamireng kalebet wujud madyama purusa *jamak*. Tembung *panjenengan sadaya* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud *frasa* inggih menika kalebet jinising *frasa* sesulih. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih tembung *panjenengan sadaya* ingkang kalebet *deiksis persona* madyama purusa *jamak* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *katafora (endofora)*.

3. Deiksis persona Pratama Purusa

c. Deiksis persona pratama purusa tunggal

Deiksis persona pratama purusa *tunggal* inggih menika tembung sesulih purusa ingkang gadhah *rujukan* cacahipun satunggal. Tembung sesulih wonten ing pratama purusa *tunggal* ingkang dipunpanggihaken, awujud tembung.

1) *Deiksis persona Pratama Purusa Tunggal Wujud Tembung Acuan-ipun Eksofora*

(1) “*La kirane, priye anggonmu nyamar? Konangan dheweke ora yen kowe kuwi telike Pak Kuswa?*”

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *dheweke*. Tembung *dheweke* kalebet *deiksis persona*. Tembung *dheweke* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* pratama purusa. Tembung sesulih *dheweke* ingkang dipunginakaken kange nyulihi tiyang ingkang dipunwicantenaken kalebet wujud pratama purusa *tunggal*. Tembung *dheweke* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud tembung lingga. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih tembung *dheweke* ingkang kalebet *deiksis persona* pratama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *anafora (endofora)*.

2) *Deiksis persona Pratama Purusa Tunggal Wujud Tembung Acuan-ipun Endofora*

(2) *Sapungkure Handaka, Kuswahartaka utusan Wawan lapur temenan marang kapulisen Semarang. Wawan lapur sakabehe, uga bab telegram-telegram.*

Nanging, dheweke ora pamer yen pamane nyewa detektip anyar.

Saking *data* ing nginggil kapanggihaken tembung *dheweke*. Tembung *dheweke* kalebet *deiksis persona*. Tembung *dheweke* miturut jinisipun *deiksis persona* kalebet *deiksis persona* pratama purusa. Tembung sesulih *dheweke* ingkang dipunginakaken kange nyulihi tiyang ingkang dipunwicantenaken kalebet wujud pratama purusa *tunggal*. Tembung *dheweke* ingkang kapanggihaken wonten pethikan ing nginggil awujud tembung lingga. Saking *data* ingkang dipunpanggihaken wonten ing pethikan ing nginggil, saged dipunmangretosi bilih tembung *dheweke* ingkang kalebet *deiksis persona* pratama purusa *tunggal* wujud tembung *acuan-ipun* inggih menika *anafora (endofora)*.

PANUTUP

DUDUTAN

1. Jinis *deiksis persona* ingkang kapanggihaken wonten tiga inggih menika, *deiksis persona* utama purusa, *deiksis persona* madyama purusa saha *deiksis persona* pratama purusa. *Deiksis persona* utama purusa kaperang dados kalih wujud, *tunggal* saha *jamak*. *Deiksis persona* madyama purusa ugi kaperang dados kalih wujud, *tunggal* saha *jamak*. Wondene, *deiksis persona* pratama purusa namung awujud *tunggal*.
2. Saben jinis *deiksis persona* arah acuan-ipun beda-beda, gumantung kalihan konteks. Arah acuan *deiksis persona*

wonten kalih inggih menika *eksofora* saha *endofora*. Arah acuan *endofora* kaperang dados *endofora* saha *katafora*. Tembung-tembung *deiksis persona* utama purusa ingkang arah acuan-ipun *eksofora* inggih menika *aku*, *kula*, *dak-*, *kita*, saha *awake dhewe*, dene tembung *deiksis persona* utama purusa ingkang gadhah acuan *anafora* inggih menika *aku* saha *dak-*. *Deiksis persona* madyama purusa ingkang gadhah acuan *eksofora* inggih menika tembung *kowe*, *panjenengan*, *sampeyan*, *awakmu*, *sliramu*, *kon*, *kok-*, saha *mang-*. Wondene *deiksis persona* madyama purusa ingkang gadhah acuan *anafora* inggih menika tembung *kowe*, *panjenengan*, saha *sliramu*, dene tembung madyama purusa ingkang acuan-ipun *katafora* inggih menika *kowe*, *panjenengan*, *sliramu*, *kok-*, saha *panjenengan sadaya*. *Deiksis persona* pratama purusa ingkang tembung-tembungipun gadhah acuan *eksofora* inggih menika *dheweke*, *piyambake*, saha *piyambakipun*. Wondene, tembung-tembung pratama purusa ingkang acuan-ipun *anafora* inggih menika *dheweke*, *piyambake* saha *piyambakipun*, dene ingkang gadhah acuan *katafora* inggih menika tembung *slirane* saha *piyambakipun*.

PAMRAYOGI

Adhedhasar dudutan saha *implikasi* ingkang sampun dipunandharaken, panaliti saged ngandharaken pamrayogi. Bab ingkang

dipunteliti saking *deiksis persona* wonten ing novel Tretes Tintrim menika taksih sekedhik, satemah taksih kathah bab sanesipun ingkang saged dipuntaliti malih. Bab menika kadosta panaliten ngengingi deiksis tempat saha deiksis sosial wonten ing novel *Deiksis persona* ingkang dipunpanggihaken wonten wicantenan padintenan ugi saged dipuntliti. Ingkang pungkasan saged ugi dipunteliti jinis-jinis deiksis ingkang dipunginakaken wonten ing satunggaling karya sastra Jawi.

KAPUSTAKAN

Brata, Suparto. 2009. *Tretes Tintrim*. Jakarta : PT. Buku Kita

Endraswara, Suwardi. 2012. *Teori Pengkajian Sosiologi Sastra*. Yogyakarta : UNY Press

Kaelan, M.S. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.

Kridalaksana. 2001. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka.

Mulyana. 2005. *Kajian Wacana: Teori, Metode dan Aplikasi Prinsip-prinsip Analisis Wacana*. Yogyakarta: Tiara Wacana.

Nababan, P. W. J. 1987. *Ilmu Pragmatik (Teori dan Penerapannya)*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Sasangka, Sri. 1989. *Paramasastra Jawi Gagrag Anyar*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti.

Sasangka, Sri. 1989. *Paramasastra Jawi Gagrag Anyar*. Surabaya: PT Citra Jaya Murti.

Wijana, I Putu Dewa. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Penerbit Andi